Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2025 соналъул 20 июнь Рузман № 25 (7895) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гьурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Россиялъул Къо - улкаялъул кIвар бугеб байрам

1990 соналъул 12 июналда РСФСРалъул халкъиял депутатазул тIоцебесеб съездалъ тасдикъ гьабураб Декларациялъ Россия, пачалихъ хIисабалда, жибго жиндаго чIараблъун лъазабуна.



1998 соналъул 12 июналда халкъалде гьабураб хитIабалда РФялъул президент Борис Ельциница гьеб къо лъазабуна Россиялъул къолъун.

Гьелдасан байбихьун 12 июнь нилъер улкаялда лъазабуна пачалихъияб байрамкъолъун.

Гьеб байрам кIодо гьабун 11 июналда Агъвали тIобитIана байрамалъулаб данделъи. Райадминистрациялъул данделъабазул залалда байрам кIодо гьабизе ракIарун рукIана учреждениябазулгун организациябазул хIалтIухъаби, росабазул нухмалъулел, депутатал ва жамгIиял гIуцIабазул вакилзаби.

Баркиялъулаб кIалъайгун данделъи рагьана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Сиражудиновас.

-Россиялъул къо ккола гIемер магIнаялъулаб байрам. Гьелъ бихьизабула халкъалъул цолъи ва гъунки, маданияталъул ва рукIа-рахъиналъул хутIелал, тарихиял ракIалдещвеял, обществоялъул цебетIей ва улкаялдаса халкъалъул чIухIи,-ян абуна МухIамад Сиражудиновас.

Байрамалъул тарихалъул бицун кIалъазе вахъана районалъул культураялъулгун туризмалъул ва спорталъулгун гIолилазул ишазул управлениялъул отделалъул нухмалъулев МухIамад МухIамадов.

Россиялъул Къо кIодо гьабиялъул магIна буголъи бихьизабуна жиндирго кIалъаялъулъ районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулей Зайнаб ГIабдусаламовалъ.

-Щаклъи гьечIо, улкаялда тIоритIулел байрамалъулал тадбирал гIаламаталлъун (символаллъун) ккана жидерго тарихалъулги, маданияталъулги, гIадатазулги къимат гьабулеб Россиялъул букIинесеб - гIун бачIунеб гIелалъухъ кодоб букIиналъе,-ян абуна Зайнаб ГIабдусаламовалъ.



Байрам баркун гьединго кIалъазе рахъана райадминистрациялъул хIалтIухъан МухIамад КъуратмухIамадов ва районалъул ветераназул советалъул нухмалъулев МухIамад ХIанапов. Гьез тIадчIей гьабуна жакъа Украиналда хасаб рагъулаб операция унеб, ва тIолабго БакътIерхьул пачалихъал нилъеде данде чIараб заманалда, Россиялъ жиб гIемермиллатазул щулияб ва гучаб пачалихъ букIин бихьизабулеб букIиналда.



-Дунялалда ахIвал-хIал хIалуцараб гьаб заманалда, нилъеда бихьулеб буго кигIан гIемераб хIалтIи гьабизе кколеб бугеб Россиялъул президентас ракълилаб нухккун церехун иналъе ва халкъалъул гIумру-яшав лъикIлъизабиялъе. Россиягун цадахъ ругел кIинусгоялдасаги цIикIкIун соназ лъикIаланго цебетIуна Дагъистаналъул халкъалъул гIумру-яшав ва рукIа-рахъин. Россиялъул халкъгун цадахъ улка цебетIезабиялъулъ нилъерги букIине кколин жигараб гIахьаллъи,-ян абуна данделъиялъул ахиралда МухIамад Сиражудиновас, хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазе кумек гьабиялъухъ баркалаялъул кагътал кьолаго.

Данделъиялъул ахиралда культураялъул отделалъул хIалтIухъабаз кьуна байрамалъулаб концертги.

Инсан жиндирго бакIалда

### Гьаялъе ритIухъав



2 гьум. >>>

Сахавалъи

### Унтаразухъе зиярат



2 гьум. >>>

ГIолилазул ишал

### ГьитIичазги кIодо гьабуна Россиялъул Къо



3 гьум. >>>

## Инсан жиндирго бакIалда

# Гьаялъе ритIухъав

-Медицинаялъул хIалтIухъанасул къоялде цо макъала хъвазе ккелин нилъерго райбольницаялъул хIалтIухъабиги рохизе, гьелги кIодо гьарун,-абун редакторас абидал, ракIалде щвана «ургьисалал унтун руго» абуравщинасда ахираб къого соналъ дицаго цIар рехсолев ва бищун лъикIав тохтур гьев вугин, гьесухъе ай сахгьаризеян абулев нилъерго ракьцояв, Лъондодаса СагIаду СагIадуев.



Райбольницаялъул тохтурзабазулги гьелда гIайиб букIинарин, гьелъул гIаксалда, гьезиегицин кумек гьабулев гьесул хьвайдал рохилин кколин абуна дицаги, божи буго гьедин букIиналдаги.

РикIкIадаб 2006 соналъ, ясги унтун республикаялъул лъималазул больницаялда егун йикIадго ккана дирги гьесулги лъай-хъвай. Нилъерго ГIисматула МухIамадовичас абуна дида гьесухъе аян, яги ахIеян.

СагIаду Шамхалович хIалтIулев вуго нефрологлъун, ай, ургьисалабазул тохтурлъун. Жакъа гIадин ракIалда буго анкьалъ гьес дие кьураб «гIумрудул дарс»: дир ясалъул унтул бицулелъул, кверщел Аллагьасухъ кодоб бугин, цо лахIзаталъ хисизе бегьулин гьелъул сахлъиян кIалалъ абулеб хабаралдаса, «хIадур йикIа, Хадижат, захIматаб унтуца кIвекIарай ясалъул ахираб хIухьел цIаялде»-ян бичIчIизабулеб сихIкьотIараб калам...

АнцIго сонидасанги ккана СагIаду Шамхаловичасухъе дун вацасул яс Сидратгун. ТIоцебесеб къоялдаса нахъе гьей кватIие йиччазегIан щибаб эркенаб минуталъ гьелъул ахIвал-хIал лъазабизе вачIунаан гьев, «Гьай Сидратилниги гIумру хвасарлъизе кумек гьабилеб батилин БетIергьанас нилъее»,-ян абулеб гIадин. Больницаялъул хIалтIухъабазги унтаралгун цадахъ ругезги гIемер рехсолел тохтурзабазул цояв вукIана СагIаду СагIадуев-къанагIатаб махщалил тохтур, гемодиализалъул (ургьисалал унтаразе хехаб кумек гьабиялъул) специалист. 1980 соналъ Лъондода росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун СагIаду СагIадуев цIализе лъугIана ДагъистаналъулмедучилищеялдеГьеб лъугIараб 1983 соналъ чаналиго моцIалъ хIалтIана Эчеда росдал ФАПалъул заведующийлъун.

Гьебго соналъул май моцIалъ ана тIадаб рагъулаб нальи тIубазе Советияб Армиялде. Гьенив хIалтIана батальоналъул фельдшерлъун. Армия лъугIараб 1985 соналъ цIализе лъугьана Дагъмединститутalde ва 1991 соналъ лъугIизабуна сахгьариялъул факультет. 1991-1992 соналъ интернатураялда цIалана ва щвана педиатрасул махщел.

-Диплом кодобе щвараб мехалъ, Россиялъул регионазда хIалтIизе ине букIараб гьираги жибго тун, районалъул нухмалъиялъул гьариги къабул гьабун, хIалтIизе ана гочун гIи-боцIи хьихьулеб Шава хъутаде амбулаториялъул заведующийлъун. КIиго лъагIелгун анльго моцIалъ гьенивги хIалтIун, дун тIадвуссана МахIачхъалаялде. Дол соназги, жакъаги чара гьечIого хIажатаб хьулухъльун букIана гемодиализалъул хьулухъ. Северияб Кавказалдаго гьединаб щуго центр букIана, гьездаса кIигояб-МахIачхъалаялда. ТIубараб Дагъистангун Чачанльи хIебтIун букIана гьеб кIиго централь. ТIубараб сордо-къоялъ хIалтIулаан Централ. Дирги пикру ккана «гьеб рахъалдехун вуссине». КIиго моцIалъ Санкт-Петербургалда цIалана гьеб рахъалъ махщел камил гьабиялъул курсазда ва тIад вуссана МахIачхъалаялде. 1996 соналъ байбихьана гьеб рахъалда хIалтIизе. ТIоцебе хIалтIи байбихьана Минскалда кватIибе биччараб СГД-8 аппараталда хIалтIулаго. Москваялда музеялдацин гьечIин гьедигIан «хераб» аппаратан рельулаан пишацоял нижер хIалтIул алаталдаги балагьун. Гьезул калам битIараб букIунги батила, таманал унтаразе жинца хьулухъ гьабиялъул болжал лъугIаралдаса нахъе заман кIочараб аппарат букIана гьеб. Киназего гIадин, бигьа букIинчIо диеги тIоцебе: захIматаб унтуца кIвекIарал гIадамалги, циндаго лъазабизе захIматаб, тIадехун абухъе, «херабги», гьеб хисун бачIараб чанги батIияб, цIи-цIиял функциябазул аппаратураги. Амма махщелги хIалбихьиги къойидаса къойиде цIубана, камиллъана хIалтIуде бугеб цIайияльги,



унтараздехун бугеб гурхIелгун рокьиялъги, гьезие хьулухъ гьабизе бугеб гьираяльги,-ян ракIалде щвезабула СагIадуевас жиндирго захIматалъулаб нухлул байбихьи.

-Жакъа Дагъистаналда буго гьединаб хьулухъалъул, жакъасел тIалабазе жаваб кьолел аппаратаз хьезарураб анцIила щуго центр. Гьеб ккола, рохелги пашманлъиги жубараб хIужа, щайин абуни, кигIанго бокьичIониги, цIикIкIунеб бугельул къойидаса къойиде ургьисалал унтаразул къадарги, «гIолохъанлъулеб» буго унтиги.

2010-2018 сонази хIалтIана республикаялъул гравитационнияб хирургиялъул центральул нухмалъулевлъун. 2015 соналъ ДРКБялда «Prizma flex» аппаратада анцIила кIиго сагIаталь халатбахъараб гемодиализ гьабуна дица кIиго лъагIелги анцIго моцIги бараб лъимералъе. Гьеб ккола жакъа къоялда Югалъулаб Федералияб округалда бищун гьитIинав пациентасе гьабураб процедура. Гьелде щвезегIан, гьединабо процедура гьабун букIана Ростов шагьаралда микьго сон бараб лъимералъе.

1999 соналдаса 2006 соналде щвезегIан вукIана педиатриялъул рахъалъ районалъул кураторлъунги.

**-СагIаду Шамхалович, тохтурзабигийищ унтулел абун кколаан дида ракIалде... Амма кинха нуж унтуларел макьу тарал сардалги, рахIат хварал къоялги, гьезул унтул бухIиги унтаразда цадахъ гIахьал гьарулел хьахIал халгIатал ретIарал малаикзаби. Таманаб бокьичIого букIана мун МахIачхъалаялда хIалтIулев гьечIин рагIидал...**

-Централъе нухмалъи гьаби тезе ккана дирго сахлъиялда бан ва хIалтIизе лъугьана гIадатияв тохтурлъун.

2020 соналдаса нахъе хIалтIулев вуго Карабудахкент районалъул Гурбуки росулъ бугеб участковияб больницаялъул гемодиализалъул отделениялъул заведующийлъун. Отделение хьезабун жакъасел тIалабазе жаваб кьолеб анцIила кIиго аппаратаддалъун ва кIиго сменаялда хIалтIула гьеб унтаразе хьулухъ гьабизе. ХIажалъи ккоге абе, ккун хадур гьанирги къабул гьарила дица нилъерго ракьцоялги. Гиппократие гурреби, гьитIинабго къоялдаса диего кьураб гьаялъеги хисичIого, инсанасул сахлъи цIуни буго дир мурад...

Гемодиализ 30-40 соналъ цебе гIадин инсанасул гIумруялъе ахир лъолеб хIукму кколаро жакъа. Амма гьеб кколаро нужерго сахлъиялдехун тIаса-масагояб бербалагьи гьабизе кколин абураб. Ургьисалабазул унти гьаригьунккун, ва амма пашманал хIасилазде рачун, кьвагьулеб гIарада кколин гIадада гурельул абун бугеб, чорхое заралиял пишабиги тун, сахлъиялде кIвар буссинабизе ккола...

РакIбацIцIадаб захIматалъухъ СагIаду СагIадуев кидаго сахIикълъана нухмалъиялъулги сахлъи цIуниялъул министерствоялъулги рикIкIен гIемерал баркалабазул кагътазегун хIурматалъул грамотабазе. Гьеб ккола гьесул кIвахI тараб хIалтIуе къураб мустахIикъаб къимат. Буго гьесул мугIалимлъиялъул хIалбихьиги -чаналиго соналъ хIалтIана Дагъистаналъул медколледжалда анатомиялъул преподавательлъун.

Гьев ккола Россиялъул педиатриялъул ва нефрологозул халкъазда гьоркьосеб «ISN» обществоялъул член ва диализалъул халкъазда гьоркьосеб «ДОПСС-алъул» Дагъистаналда вугев аслияв исследовательги.

Дагьай кватIун кканиги, бокьун буго СагIаду Шамхаловичада баркизе махщалилаб байрам, гьаризе щулияб сахлъи, халатаб, талихIаб гIумру ва унтаразул сахлъи цIуниялъул хъаравуллъуда жеги гIемерал соназ мухьиль вукIине.

## Сахавалъи

# Унтаразухъе зиярат

Живго лъимер вугониги, лъимадулаб гуреб сахаватлъиги, къвакIиги, жавабчильиги чорхоль бессарав Ашахан Хъазанатовас 1 июнь-Халкъазда гьоркьосеб лъимал цIуниялъул ва 15 июнь-Сахлъи цIуниялъул хIалтIухъанасул къоялде хурхинабун, иргадулаб нухалъги «къватIибе бахъана» жиндирго сахаватаб квер.



Жиндирго гIагарал чагIазухъе щвезе росулъе унев спортсмен ва меценат Ашаханида ракIалде ккана райбольницаялда регун ругезухъе сайгъаталгун зиярат гьабизе. Гьедин щвана гьев 11 июналда райбольницаялде. Лъималазул отделениялдаса байбихьун, реанимациялъул отделениялде щвезегIан регун ругел унтаразухъеги щун, гьезие хехго сахлъун, жидерго хьизан-лъималазухъе тIадруссин, гьел сахгьаризе къаси макьу тун, къад рахIат хун, хIалтIулел тохтурзабазегун медсестрабазе мурадал тIурай, хIалтIул хIасилаздаса рохел гьарана. Гьединаб сахаватаб ишалъухъ Ашахание баркала загьир гьабуна гьенир регун рукIарал Хушетиса, Инхокъвариса, Метрадаса гьитIинчаз, ТIиндиса МухIамадица, Щедакъиса Гьазиявдибирица, Метрадаса Чакарица, Гьоркьгъаквариса Марьям Зубаировалъ, Хъварщиса Зарема Хизриевалъ.



Райбольницаялъул кIудияй медсестра ПатIимат АхIмадовалъ лъималазул отделениялда гьитIинчазда бицана Ашаханил гIумруялъул, гьесул спортивиял бергьенлъабазул, живго гьитIинав вугониги, гьунар кIудияв ракьцоясул сахаватал ишазул.

-Дида гьев лъала, телевизоралда вихьана,-ян букIана дагьал чIахIиял, школалъул ригьалъул лъимазул жаваб.

Терапиялъул ва реанимациялъул отделениябазда регун ругезда Ашаханил хIакъалъулъ бицана, ва унтаралгун дандчIвазе вачIиналъухъ гьесие баркала загьир гьабуна тохтурзаби Ризван ГьазимухIамадовас, АхIяд АхIмадовас ва ГIарип МухIамадкеримовас.

-Гьеб гуро гIолохъанав патриотасул, гьитIинав спортсменасул тIоцебесеб лъикIаб иш. Живго Ашаханица абухъего, ахирисебги гуро. Гьесул ракIбацIцIадаб кумек гьабизе бугеб гьираялъ ва гIаммаб ишалъулъ лъураб бутIаялъ гьединалго сахаватал ишазе гуребги, сундулъго церетIуралльун рукIине мисал бихьизабула гIун бачIунеб гIелалъеги. Гьарула Ашахание щулияб сахлъи, гьабулеб ишалъул икъбал ва талихI. Эбел-инсуеги кIудияб баркала кьадру-къимат цIунарав, гьитIинасул адаб, кIудиясул хIурмат гьабизе лъалев вас куцаралъухъ,- ан абуна гьез.

Ашаханицагун гьесул эмен МухIамадханица баркана киназдаго медицинаялъул хIалтIухъабазул къо, гьарана киназего ракълилаб зобгун гвангъараб бакъ, дунялалда унел рагъазе ахир, баракатаб цIад базе зобалъул гьугьай гурони, яргьил къвагьа-гIанхьи нилъеда рагIунгутIизе.

**Гьумер хIадур гьабуна Хадижат Залимхановалъ**

## ГӀолилазул ишал

# ГьитӀичазги кӀодо гьабуна Россиялъул Къо

Россиялъул Къо кӀодо гьабун «Равнение на флаг» абураб ТӀолгороссиялъул акциялда рекъон «Движение первых» гӀисинал гӀолилазда Россиялъул къо баркун кӀалъазе рахъана районалъул спорталъулгун гӀолилазул иша



жамгӀияб багъа-бачариялъул районалда бугеб гӀуцӀиялъ Агъвали тӀобитӀана байрамалъулаб тадбир.

Гьенир гӀахьаллъарал зул отделалъул нухмалъулев ТӀалхӀат ГӀабдулбасиров ва «Движение первых» багъа-бачариялъул районалда йигей вакил ТӀавус ЯхӀяева.

Жиндирго кӀалъаялда ТӀалхӀат ГӀабдулбасировас бицана нилъер улкаялда 12 июнь Россиялъул къолъун чӀезабиялъул тарихалъул, батӀаго кӀвар къуна Россиялъул пачалихъиял гӀаламатазде (символазде): пачалихъияб байрахъалде, гербалде ва гимналде. Бицана гьел пачалихъалъул жибго жиндаго чӀеялъе, миллияб цолъиялъе ва миллаталъул чӀухӀиялъе символаллъун кколилан.

ТӀавус ЯхӀяеваль баян гьабуна «Движение первых» багъа-бачариялъул районалда бугеб гӀуцӀиялъ гьабулеб хӀалтӀул, бицана цере чӀарал масъалабазул ва гьеб ишалде хӀукуматалъ кьолеб кӀваралъул.

Данделъиялъул ахиралда гӀисинал гӀолилазда гьоркьор тӀоритӀана эркенаб гугариялъул рахъалъ къецалги.

**ТӀалхӀат ГӀабдулбасиров**

# Правила пожарной безопасности в лесных массивах

Лесные пожары являются одной из самых страшных и опасных стихий, широко распространенной в России. Ежегодно от неконтролируемого огня погибает большое количество людей и животных.

Безусловно, леса занимают не последнее место в жизни человека и выполняют свои определенные функции. Одной из самых главных функций леса является выработка кислорода. Кроме того, немаловажно влияние леса на водный режим, защиту почвы от водной и ветровой эрозии, селей и оползней, снижение воздействия засухи и суховеев, сдерживание движения подвижных песков, препятствие разрушения берегов рек и озер, осаждение частиц пыли из атмосферы, выделение фитонцидов, поглощение шумов и что очень важно благоприятное влияние на здоровье человека. Помимо всего этого, леса являются источником получения различных природных ресурсов, которые просто необходимы для развития многих отраслей в народном хозяйстве.

Согласно терминологии, лесные пожары – это стихийное, неконтролируемое распространение огня на лесной территории. Их основной опасностью является именно скорость распространения бушующего пламени, с которым очень трудно бороться.

**Причинами возникновения лесных пожаров** являются человеческий и естественный факторы.

Согласно статистике, около девяноста процентов всех лесных пожаров происходят по вине человека. Причин возникновения пожаров, связанных с человеческой беззаботностью очень много:

**Курение.**Очень часто, находясь на природе, курильщики забывают потушить окурок сигареты и выбрасывают его там, где им удобно. Такое небрежное отношение может запросто стать причиной лесного пожара.

**Непотушенные костры.** Нередко, отдыхая на природе люди забывают потушить после себя костер или по неосторожности оставляют без присмотра горящие угли, которые легко могут спровоцировать пожар.

**Сжигание мусора.** Поскольку сжигаемый мусор тлеет очень медленно, он может послужить причиной поджога чего-то легко воспламеняющегося и начать лесной пожар.

**Оставленные в лесу стеклянные бутылки и осколки**

Через стекло хорошо проходит и преломляется свет, вследствие чего срабатывает эффект линзы, который может стать началом серьезного пожара.

**Фейерверки.** Все чаще в качестве украшения своего праздника люди стали выбирать фейерверки, не задумываясь о том, что они могут стать причиной пожара. Из-за того, что скорость горения очень низкая, частицы фейерверка приземляются в самых разных местах. Таким образом увеличивается риск возникновения лесного пожара.

**Преднамеренный поджог.** Встречаются и такие случаи, когда люди преднамеренно поджигают леса, дома или любое другое имущество.

**ДТП.** Стать причиной масштабных лесных пожаров могут искры и взрывоопасные вещества в машинах, а также взрыв газового баллона при ДТП.

**Несоблюдение правил пожарной безопасности.** Пожар очень часто начинается из-за того, что люди не соблюдают элементарных правил пожарной безопасности. Так, например, бывает, что водители при остановке, вытирают горловину топливного бака куском ткани или салфетки и выбрасывают его на землю, не думая, к чему это может привести. Следом может пройти другой человек и бросить горящий окурок, который и спровоцирует начало пожара.

Лесные пожары влияют на экологию и окружающую среду, оазывая экологические, социальные и экономические последствия.

**Экологическим последствия.** Загрязнение атмосферы, ухудшение качества питьевой воды, потеря плодородности почвы и ее продуктивности, уничтожение природных ресурсов, потеря экологических систем и биологического разнообразия.

Лесные пожары наносят ущерб среде обитания конкретных видов животных и растений, уничтожают большую часть растений, которые поддерживают жизнь многих животных и насекомых. Есть вероятность того, что лесные пожары могут послужить причиной исчезновения некоторых видов животных.

**Экономические последствия.** Безусловно, лесные пожары влекут за собой значительные экономические потери. Огромные суммы тратятся на то, чтобы потушить огонь и на восстановление разрушенного. Если пожар распространялся на сельскохозяйственные земли, то скорее всего он уничтожил весь урожай и животных.

**Социальные последствия.** Самое страшное последствие лесных пожаров -это гибель людей, в частности пожарных и спасателей. Кроме того, дым и пыль от пожара вызывают сильный дискомфорт при дыхании и могут существенно сказаться на состоянии здоровья людей с аллергией и респираторными заболеваниями.

Перечислив последствия лесных пожаров, можно увидеть какое сильное влияние они оказывают на экологию и наше здоровье. Поэтому мы призываем вас быть более внимательными и ответственными. Соблюдайте правила пожарной безопасности и берегите природу.

**ОНД и ПР №15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам**

## Диниyяб бокӀон

# Тагьажудгун рогьалил как бай - инсульталдаса хвасарлъи

**Щиб жо кколеб инсульт?**

Бидул хьвадиялдалъун лугбузухъе щола кислород ва клеткаби хӀалтӀизе хӀажатал нигӀматал. Бидул хьвадиялъул сакъатлъи бугеб мехалда, кислород ва кванил нигӀматал гӀададнахалъул клеткабазде щоларо, гьелъул хӀасилалда гьел хола ва неврологиял унтабазул гӀаламатал загьирлъула.

Инсульт ккола ботӀрол лугбазулъ би хӀалтӀиялъул иш сакъатлъи, гьелда цадахъго загьирлъула нерваби унтиялъул гӀаламаталги. Гьелъ унтарасе сакъатлъи ккезабизе бегьула, хӀатта, хвезецин рес буго.

**Инсульталъул тайпаби.**

1.Ишемическияб. Гьеб ккола гьоркьоб щиб бугониги жоги къан, гӀададнахул бидурихьал къварид рукӀиналъ, би хьвади загӀиплъи, ай бетӀералъул циркуляция хвезаби. Гьелъул хӀасилалда, гӀададнахул клеткабазе кислород ва кванил нигӀматал щоларо, гьел хвезарула.

2.Геморрагикияб инсульт. Гьеб ккола бидурихьги бихъун, гӀададнахуде, ай, гвангвараялде жанибе би бачӀин.

Геморрагикияб инсульталъул хӀасилал чӀезарула гьенибе чвахун бачӀараб бидул къадаралдалъун. Гьеб кӀудияб батани, гьеб мехалда лъугьуна гӀададнахалда жаниб гематома. Гьелъ тӀадецуй гьабула аскӀор ругел лугбузде ва гӀададнахул хӀалтӀул жуба-гъубай лъугьуна. ГьитӀинал бидурихьаздасан би бачӀунеб мехалда цогидал лугбузулъа би цӀунги ун, гьеб би щвараб бакӀалда гӀаданахул хӀалтӀи хвезабула.

**Инсульталъул гӀаламатал:**

ГӀаммал гӀаламаталлъун ккола тохлъукьего ва лъикӀго бетӀер унти, чехь лъамалъи, лъавудаса ин, ракӀхисардизабигун лагӀдей, бердамес свери ва цо-цо лугбал рагьаризаризе бажарунгутӀи.

**Цогидалги рукӀине рес бугел гӀаламатал ккола:**

Гаргадиялъул ва бицараб бичӀчӀиялъе сакъатӀ ккей.

Нухда витӀун вилъине бажарунгутӀи.

Гьумер кьури, кӀал кӀичӀун чӀей.

Къаркъалаялъул рефлексазул къуват дагьлъи ва щиб бугониги жо къулчӀизе рухӀ гьечӀого лъугьин.

КӀущ ккунгутӀи.

Кверал гун хӀатӀал сороди.

Цо-цо лугбал параличалъ кквей.

Жалго унтаразда загӀипго лъалеб букӀуна жидее инсульт ккараблъи ва жидеего кумек гьабизе кӀоларо, гьединлъидал сверухъ ругезда лъазе ккола «УДАР» абураб гӀадатияб диагностикияб къагӀида:

У-(улыбка) гьими. КӀалалъул цояб рахъалъул гьетӀи ва кӀичӀун чӀей букӀуна.

Д-(движения) багъа-бачари. Чорхол кӀиябго бащалъи мекъимекъи хьвадула яги цо бутӀаялъул хӀалтӀи чӀола.

А-(артикуляция) кӀалъа-басай гьаби. Гьев чиясул калам хун букӀуна, рагӀаби ритӀун абизе кӀоларо, хӀатта жиндирго цӀар абизе бажаруларо.

Р-(решение) кумекалъулаб хӀалтӀи. Кумек гьабизе ккола хехго, ай 3-4 сагӀаталда жаниб.

Тохтурзабазул баяназда рекъон, инсульт ккезе бищунго рес цӀикӀкӀараб заман буго радал 4-ялдаса 6-ялде щвезегӀан заман. Бусурбабазул гьеб заман как базе тӀаде рахъунеб мех буго. Гьединлъидал, бихьулищ БетӀергьанас кьун бугеб нигӀмат бусурбабазе радалго яги радакь тӀаде хехго рахьине лъикӀаблъунги бихьизабун, гьединал захӀматал унтабаздаса цӀунун рукӀине. ТӀаде вахьарав чи вагьа- вачаричӀого вукӀунаро. Какичури гьабидал, гӀемерисеб мехалда, лъимги гьекъола. Гьеб бугин абулеб буго тохтурзабаз, инсанасул би бищунго бакъвалраб заман. Регаралъуса тӀадеги рахьун, рагъарачари гьабуни, чорхолъ биги хьвадула, гьединал унтаби ккеялдаса цӀуниги цӀикӀкӀуна.

# Хъалияналъул зарал

Хъалиян цӀай ккола бищун зарaлиял гӀадатазул цояб. Гьелъ инсанасул гӀумруялъул киналго рахъазе квешаб асар гьабула. ТӀадегӀанав Аллагьас Къуръаналда абун буго (магӀна): «Нужеца нужго ва нужер магӀишат гӀадада хвараблъун, жиб гьалаглъулеблъун гьабуге», - ян. (Суратул «Бакъарат», аят 195)

Хъалияналъул кӀкӀуйдуда гъорлъ руго аза-азар загьруял жал. Гьезул гӀемерисел руго канцерогенал. Дагь-дагьккун гьез черх хвезабула, захӀматал унтаби ккезарула. Гьезда гьоркьор руго гьуърузул рак, ракӀалъул ва лугбазул унтаби, хӀухьел цӀаялъул унтаби ва иммунитет загӀиплъи. Никотиналъул ва цогидал заралиял жалазул асаралдалъун квешлъизабула черхалъул гӀаммаб хӀалги ва херлъиги хехго щвезабула.

Гьелъ хъалиян бухӀулев чиясе зарал гьаби гуребги, битӀахъего асар гьабула сверухъ ругезеги. Цо чиясгӀаги хъалиян бухӀулел хъизамазда дандчӀвалел руго батӀи-батӀиял унтаби. Хъалиян цӀалес биччараб кӀкӀуй цӀаялдалъун жеги цӀикӀкӀунцин зарал кколеб буго. Гьединал хъизамаздаса лъималазул хӀухьел цӀаялъул унтаби, астма ва аллергия ккеялъул хӀинкъи цӀикӀкӀуна. Хъалиян цӀалев инсул мисал лъимералъ хадубккун босизеги рес буго.

Хъалиян цӀаялъ зарал гьабула тӀолабго жамгӀияталъеги. Гьеб лъугьуна экономикияб камиялъул кӀудияб гӀиллалъун. Сахлъи цӀуниялъул система лъикӀлъизабизе яги цогидал жамгӀиял къваригӀелал тӀуразе хӀалтӀизабизе бегьулеб букӀараб пачалихъияб гӀарац харж гьабула хъалиян цӀаялдалъун лъугьунел унтаби сах гьариялъе. Гьединго, хъалияналъул кӀкӀуялъ тӀабигӀатги чороклъизабула.

Хъалиян босулел ккола щайтӀабазул гьудулзаби ва гьеб босизелъун кьолеб гӀарацги исрап гьаби буго. Къуръаналда буго (магӀна): «Жидеца магӀишат гӀадада хвезабулел гӀадамал руго щайтӀабазул вацал ва гьудулзаби», - ян. (Сура «Ан- Нисаъ», аят 27)

Масала, чияс щибаб къойил жиндирго буголъиялдаса 100 гъурущ бухӀулеб буго. ШаригӀаталъ гьев чи туснахъ гьавула, гьеб гӀадаллъиялъул, психикияб унтиялъул гӀаламат букӀиналъ.

Хъалиян цӀалез щибаб къойил кьола жидерго черхалъе ккараб зaралалъухъ гӀарац. Инсанас хъалиян босизе харж гьабулеб кинабго гӀарац рикӀкӀани, гьеб ккола мал-мулкалъе кӀудияб зарал. Гьелъухъ Аллагьасда цебе жаваб кьезе ккола чарагьечӀого. Мискинал, къварилъиялда ругел бусурбабазул вацазе гьеб гӀарац кьезе, хъизан хьихьизе, гӀагарлъиялъе кумек гьабизе кколеб бакӀалда, гьес гьеб харж гьабулеб буго хъалиян босиялъе.

Аллагьас тавпикъ кьеги зарал гьабулелдаса цӀунизе.

**«Ас-салам» газеталдаса босараб**

## Природа и человек

# Открыта охота на кабана

С 1 июня 2025 года на территории охотничьих угодий Дагестана открыт сезон охоты в отношении дикого кабана (все половозрастные группы, за исключением самок с приплодом текущего года).

Предоставление государственной услуги по выдаче разрешений на добычу охотничьих ресурсов на территории общедоступных охотничьих угодий осуществляется Минприроды РД, на территории закрепленных охотничьих угодий - охотпользователями.

Стоимость за право добычи дикого кабана (разрешение) на территории общедоступных охотничьих угодий установлена в соответствии с Налоговым кодексом РФ и составляет 650 руб. 00 коп. (Гос. пошлина ст. 333.33) и 450 руб. 00 коп. (Сбор ст. 333.3).

Кроме того, при осуществлении производства охоты, Минприроды РД напоминает о необходимости соблюдения требований Правил охоты (утв. приказом Минприроды РФ от 24.07.2020 г. № 477 «Об утверждении Правил охоты»), норм добычи, а также при нахождении в охотничьих угодий, соблюдения их границ.

Так же, сообщаем о необходимости соблюдения требований порядка распределения разрешений на добычу охотничьих ресурсов в общедоступных охотничьих угодьях, определенных статьей 5 Закона Республики Дагестан от 5 октября 2012 г. № 64 «О регулировании отдельных отношений в области охоты и сохранения охотничьих ресурсов на территории Республики Дагестан».

Кроме того, обращаем внимание охотников и охотпользователей, получивших разрешения на добычу охотничьих ресурсов на территории охотничьих угодий Республики Дагестан, что с 1 сентября 2021 года вступили в силу изменения, внесенные в Порядок оформления и выдачи разрешений на добычу охотничьих ресурсов, утвержденный приказом Минприроды России от 29 августа 2014 года № 379.

Так в соответствии с пунктом 17.12 указанного Порядка, заявителю направляется отказ в выдаче такого разрешения при условии, если заявитель не направил сведения о добытых охотничьих ресурсах в сроки, предусмотренные ранее выданным разрешением (в 10 дневный срок после окончания сезона охоты копытных), в уполномоченный орган, охотпользователю, либо в природоохранное учреждение, выдавшие такое разрешение.

Таким образом, охотникам, ранее не сдавшим разрешения на добычу охотничьих ресурсов по окончании охоты в установленный срок, при обращении в адрес министерства за получением разрешения на добычу охотничьих ресурсов, будет отказано в получении такого разрешения в течение года.

Министерство природных ресурсов и экологии Республики Дагестан просит охотников быть сознательнее, не допускать нарушений, своевременно возвращать полученные разрешения по месту его получения, а также осуществлять производство охоты в соответствии с утвержденными правилами охоты и методами добычи

**Магомедалим Ахмедов,** эксперт Ботлихского межрайонного отделения Министерства природных ресурсов и экологии Республики Дагестан

## Энергосбыт

# Не забудьте вовремя заплатить за свет

**Уважаемые потребители электроэнергии!**

Согласно приказа Министерства энергетики и тарифов Республики Дагестан от 28.01.2025 года за №45-ОД-10/25 «О внесении изменений в приказ Министерства энергетики и тарифов Республики Дагестан от 09.12.2024 г. № 45-ОД-176/24 «Об установлении цен (тарифов) на электрическую энергию для населения и приравненных к нему категорий потребителей по Республике Дагестан на 2025 год», доводим до вас вступающие с 01.07.2025 года в силу изменения в одноставочном тарифе на электроэнергию для сельского населения и приравненных к нему категорий потребителей по Республике Дагестан на 2025 год.

**При объёме потребления в месяц:**

От 1 кВт - до 2400 кВт тариф 2,76 руб., за 1 кВт/ч.
От 2401 кВт - до 3800 кВт тариф 3,46 руб., за 1 кВт/ч.
Свыше 3801 кВт тариф 6,02 руб., за 1 кВт/ч.

**Убедительно просим** ежемесячно представлять показания расчётных приборов учёта и своевременно оплачивать потреблённую электроэнергию.

«ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго «ХIакъикъат» газеталъул отделалъул редактор Кавсарат Сулеймановалда эбел къадаралде щвеялда бан. Аллагьас иманалда тIойитIун ятаги.

# Цумадинская футбольная лига - 2025

## Турнирная таблица

| № | Команда | И | В | Н | П | Г | РГ | О |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Тисси | 3 | 3 | 0 | 0 | 21-6 | 15 | **9** |
| 2 | Нижнее-Гаквари | 3 | 3 | 0 | 0 | 18-3 | 15 | **9** |
| 3 | Эчеда | 3 | 3 | 0 | 0 | 19-9 | 10 | **9** |
| 4 | Хуштада | 3 | 3 | 0 | 0 | 14-6 | 8 | **9** |
| 5 | Тисси-Ахитли | 3 | 2 | 1 | 0 | 7-2 | 5 | **7** |
| 6 | Кеди | 3 | 2 | 0 | 1 | 13-10 | 3 | **6** |
| 7 | Гигатли-Урух | 3 | 2 | 0 | 1 | 12-13 | -1 | **6** |
| 8 | Верхнее-Гаквари | 3 | 1 | 1 | 1 | 4-6 | -2 | **4** |
| 9 | Тинди | 3 | 1 | 0 | 2 | 18-21 | -3 | **3** |
| 10 | Ричаганих | 3 | 1 | 0 | 2 | 5-8 | -3 | **3** |
| 11 | Гачитли | 3 | 1 | 0 | 2 | 9-15 | -6 | **3** |
| 12 | Маштихи | 3 | 0 | 1 | 2 | 13-17 | -4 | **1** |
| 13 | Нижнее Гаквари (молодежь) | 3 | 0 | 1 | 2 | 7-18 | -11 | **1** |
| 14 | Гадири | 3 | 0 | 0 | 3 | 4-8 | -4 | **0** |
| 15 | Кочали | 3 | 0 | 0 | 3 | 4-12 | -8 | **0** |
| 16 | Эгдада | 3 | 0 | 0 | 3 | 8-22 | -14 | **0** |

**Результаты 3 тура**

| | **14 июня 2025, суббота** | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 13:00 | «Эгдада» | 5 | : | 13 | «Тинди» |
| 14:00 | «Гачитли» | 5 | : | 4 | «Маштихи» |
| 15:00 | «Гадири» | 1 | : | 3 | «Кеди» |
| 16:00 | «Нижнее Гаквари (молодежь)» | 2 | : | 4 | «Эчеда» |
| 17:00 | «Кочали» | 2 | : | 4 | «Нижнее-Гаквари» |
| 18:00 | «Тисси-Ахитли» | 1 | : | 0 | «Ричаганих» |
| 19:00 | «Верхнее-Гаквари» | 2 | : | 5 | «Хуштада» |
| 20:00 | «Тисси» | 10 | : | 2 | «Гигатли-Урух» |
| | | | | | |
| | **Расписание 4 тура** | | | | |
| | **21 июня 2025, суббота** | | | | |
| 13:00 | «Гачитли» | | — | | «Нижнее Гаквари (молодежь)» |
| 14:00 | «Маштихи» | | — | | «Кочали» |
| 15:00 | «Эчеда» | | — | | «Эгдада» |
| 16:00 | «Тинди» | | — | | «Тисси» |
| 17:00 | «Гигатли-Урух» | | — | | «Гадири» |
| 18:00 | «Тисси-Ахитли» | | — | | «Кеди» |
| 19:00 | «Ричаганих» | | — | | «Хуштада» |
| 20:00 | «Нижнее-Гаквари» | | — | | «Верхнее-Гаквари» |

## Конкурс

**Уважаемые жители района!**

5 июля 2025 года в с. Агвали во Дворце культуры состоится конкурс по шахматам среди школьников района.

Целью проведения конкурса является развитие у детей аналитических и умственных способностей, привлечение их к здоровому образу жизни. Мы призываем всех активнее участвовать в конкурсе. Ваше участие важно для успеха конкурса и для развития таланта и навыков наших детей.



Конкурс будет проводиться в трех возрастных группах среди девочек и мальчиков. В нем могут участвовать и дети- цумадинцы, которые учатся за пределами района.

Заявки на участие в конкурсе принимаются до 30 июня в МКУ «Управление образования МР «Цумадинский район»».

**Телефон: (+7 960 414 18 56)**

**Оргкомитет**

**БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 8 (87273) 2-52-44**

**Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4**

**«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)**

**Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.**

**Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»**

**Тираж - 1300 Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальгольи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.**

**Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.**

**Адрес электронной почты GoIostsumady@maII.ru**